

Enstriksyon sou Kijan pou Fè Lesiv Pandan Varyòl Makak la nan Kad Komèsyal

Enstriksyon ki annapre yo se pou blanchisri, dray klinin ak sèvis lesiv.

Varyòl makak la se yon maladi atrapan ki gen pou kòz viris varyòl makak la. Viris varyòl makak la simaye pi souvan pa kontak dirèk ak bouton oswa plè yon moun ki gen viris la. Viris la ka simaye tou pa kontak ak rad, dra oswa lòt bagay moun ki gen varyòl makak la itilize. **Ou dwe pran anpil prekosyon lè w ap manyen lesiv lòt moun pou sizoka youn nan bagay yo ta gen viris la sou li.**

Ou ka sèvi ak detèjan pou lesiv ak disòlvan dray klinin nòmal pou netwaye rad epi wete viris varyòl makak la. Ou ka sèvi ak netwayaj ala vapè pou rad espesyalize, tankou kostim. Lè lesiv la fin byen netwaye, pa gen risk ankò pou viris la simaye pase pa lesiv la.

Sèvi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl konsa:

- Mete yon mask ki byen chita (de preferans yon mask N95 oswa KN95) ki kouvri nen ou ak bouch ou.
- Mete gan jetab lè w ap manyen lesiv sal.
- Kouvri rad ou avèk yon bagay ou ka jete oswa lave, tankou yon blouz egzamen pwofesyonèl medikal, lè w ap manyen lesiv sal.
- Jete gan ou yo ak pwoteksyon rad oswa blouz la (si la pa ka lave) lè ou fin mete rad yo nan machin a lave a oswa nan aparèy dray klinin nan.

Ou pa bezwen mete ni gan ni pwoteksyon rad ni blouz lè w ap manyen lesiv pwòp.

Lè w ap netwaye lesiv:

- Si yo pote bagay yo nan yon sak ki ka lave, lave sak la ansanm ak lesiv sal la.
- Evite sekwe lesiv sal la. Si ou gen pou deplase li, tankou pou wete tach, woule li dousman olye pou w vire li.
- Mete bagay yo dousman nan machin a lave a oswa nan aparèy dray klinin nan.
- Sèvi ak dlo cho nan tanperati ki pi wo posib la.
- Sèvi ak detèjan nòmal. Ou pa oblije sèvi ni ak klowòks nòmal ni ak klowòks ki pa detenn.
- Siye deyò aparèy la ak tout sifas di ke rad sal yo petèt te manyen avèk yon sèvyèt mouye dezenfektan.
- Wete gan yo ak pwoteksyon rad la oswa blouz la anvan ou manyen lesiv pwòp la, menm si se pou mete li seche.
- Siye sifas ki sèvi pou pliye yo anvan ou sèvi avèk yo avèk yon sèvyèt mouye dezenfektan.

Pou yon lis pwodui netwayaj ak dezenfektan, ale sou [epa.gov/pesticide-registration/disinfectants-emerging-viral-pathogens-evps-list-q](https://www.epa.gov/pesticide-registration/disinfectants-emerging-viral-pathogens-evps-list-q).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.